



# Get Ready Ministries

## Verite

Verite pa gen okenn definisyon pou tèt li. Daprè lojik ki soti nan rezònman lèzòm, verite se kote panse rankontre ak reyalite, ki vle di, se yon akò oubyen yon antant ant panse ak reyalite.

Pou nou ka fasilite konpreyansyon nou, an nou pran pa egzanzp yon mango. Mango se youn nan fwi ki pi dous ki genyen sou planèt la. Lè yon moun gade yon mango, nan panse pa'l, li kapab imajine si mango sa-a se yon mango ki dous oubyen si li pa dous. Sipozisyon sa-a pral etabli kòm verite lè moun sa-a goute mango a, e gou mango a di'l ke sa'l te panse ya se ekzakteman sa li ye : Mwen panse ke fwi a bon dapre aparans li, lè mwen manje fwi a, youn nan sans mwen yo (gou mwen) fè'm konprann ke fwi ya reyèlman bon. Nan moman sa-a, panse'm nan antann li ak reyalite a, e, rankont ki fèt ant panse ak reyalite ya, nan yon fason fòmèl revele jan ke nou menm lèzòm defini mo sa-a ki se verite.

Asireman, verite sa-a se verite ki soti nan lojik lèzòm. Sepandan, definisyon sa-a pa reprezante nan okenn fason panse ke Senyè Bondye nou an te ekri nan liv Sen ke li te mete apa a.

De mil ane de sa, yon nonm yo te rele Jezi te vini ak yon ansèyman li te rele verite. Kòm nou tout konnen, chèf relijye nan tan sa-a, se yo menm kita sipoze konnen kisa ki yon verite. Men, lè yo konpare verite pa yo a avèk verite Jezi a, yo reyalize que verite Jezi a konplètman diferan de vèsyon verite pa yo a. Jezi te reklame ke doktrin pa'l la te soti nan Bondye, alòs ke yo menm tou te fè konprann ke ansèyman pa yo a te soti nan Bondye tou. Kòm Bondye pa kapab divize oswa kontredi tèt li, yo menm, chèf relijye yo deklare lagè ak doktrin Jezi a, e yo te kòmanse atake avèk tout kalite akizasyon, yo di ke Jezi te vin: kraze tradisyon jwif yo, ankouraje travay nan jou saba, yo akize'l de fo pwofèt, ke'l di'l egal ak Bondye, li deklare li se pitit Bondye, ke li gen demon sou li, li tap pale Bondye mal.

Anba akizasyon sa yo, yo te mennen Jezi devan Sanedren an ak devan granprèt yo pou yo poze'l kesyon, ak devan Pilat pou yo pase'l anba jijman. Chèf relijye di ke Jezi deklare ke li se wa jwif yo:

<sup>2</sup> E yo kòmanse akize'l konsa, yo di: nou jwenn nonm sa-a kap moute tèt pèp la, e l'ap ankouraje yo pou yo pa peye taks bay Seza, li t'ap di ke li menm li se Kris la yon Wa. [Lik 23: 2](#)

Aprè ankèt, Pilat te finn pa konprann ke tout pawòl sa yo te yon bann fo akizasyon; Bib la di:

<sup>13</sup> E Pilat, lè'l te finn rele tout gran prèt yo ansanm ak chèf otorite yo ak tout lòt moun yo,

<sup>14</sup> li di yo: nou te pote nonm sa-a ban mwen, tankou you moun kap monte tèt pèp la: e, gade, mwen menm, m'te jije'l devan nou la-a, mwen pa't jwenn okenn fot nan nonm sa-a ki montre bagay sa yo ke nou akize'l yo:

<sup>15</sup> Non, ni Ewòd tou, paske mwen te voye nou ba li; e, ankò, nonm sa-a pa fè anyen ki merite lanmò. [Lik 23: 13-15](#)

<sup>30</sup> Yo te reponn li e yo te di'l, si li pa't yon malfektè, nou pa ta mennen'l ba ou. [Jan 6:30](#)

Si ou tap veye evènman ki tap deroule la yo, ou pral konprann ke Pilat ansanm ak chèf relijye yo tap eseye jwenn yon rezon. - Yon rezon ki tap mache men nan men avèk pil pakèt akizasyon yo. Si'l te posib pou yo te jwenn nenpòt bagay, Jezi tap koupab epi yo t'ap kondane'l pou'l mouri. Malerezman Pilat pa't kapab jwenn pa menm yon ti moso rezon, okontrè sa'l t'ap tande yo se te yon bann istwa diferan:

Jezi chanje dlo an diven

Jezi geri pitit gason gwo fonksyonè leta-a

Jezi louvri je moun ki avèg

Jezi kalme tanpèt lanmè

Jezi chase demon sou moun

Jezi geri Paralitik yo

Jezi resisite Laza

Jezi bay senk mil moun manje

Jezi geri dis moun ak maladi lèp

**Jezi geri moun ki soud ak bèbè**

Lis la long anpil, e Pilat poko janm ka konprann toujou pou kisa yon nonm konsa ta sipoze kondane pou'l mouri...



# Get Ready Ministries

Mezanmi, tande byen sa'm pral di nou la a: Verite absoliman pa gen okenn definisyon, ou ka sèlman dekouvri. Verite se zouti ke nou pa kapab nye, se avèl ke'n pote satisfaksyon nan lajistis. Lè yon verite byen plante, bagay ki pèmèt yon moun pran bon desizyon yo ap fè eksperyans ak libète ke Jezi li menm te pwomèt nou an:

<sup>32</sup>N'a va konnen verite, e verite a va bannou libète. *Jan 8:32*

Ansyen ak Nouvo Tèstaman eksplike a klè kijan ke nou kapab dekouvri verite. Se yon bagay ki rive chak jou nan lavi moun kap viv sou tè sa-a, patikilyèman lè nou konnen ke relasyon ant yon moun avèk yon lòt pa janm te fi-n twò kòdyòm. Nan liv Deteronòm pawòl Bondye a di:

<sup>15</sup> yon sèl temwen pa dwe leve kont yon nonm pou okenn mal, oubyen pou okenn peche, kèlkeswa peche you moun ta fè: nan bouch de temwen, oswa nan bouch twa temwen, ke pwoblèm nan dwe etabli. *Deteronòm 19:15*

Bondye ap montre nou chak ti bagay ke nou rankontre nan planèt sa a. Li vle nou konnen ki jan pou nou Kontwole tout bagay ki nan antouraj nou. Bondye te mete prensip sa yo pou nou te ka kontwole kilè pou nou dakò ak yon temwayaj, epi pou nou asire'n ke prensip sa yo te chita sou vrè divinite ke pouvwa Senyè ya te mete apa-a. Yon sèl temwen nan okenn fason paka jwenn pèmision pou pote okenn pil akizasyon kont okenn moun. E pou anpeche ke nenpòt moun vi'n chanje sans verite a, Bondye ki fè syèl la ak tè a mande, pou gen temwayaj de oswa twa temwen pou nou rezoud nenpòt pwoblèm.

Jezi li menm te pase anba menm règleman sa yo pandan ke li tap viv nan kò ki fèt ak chè e ak san an. Men sa Jezi li menm te di sou tè li:

<sup>31</sup>Si m 'rann temwayaj de tèt mwen, temwayaj mwen an pa vre. *Jan 5: 31*

Jezi te vle nou konprann ke menm li menm, te bezwen de oubyen twa temwen anvan pou'n ta pran pwòp Pawòl pa li pou verite. Pwoblèm nan se, kiyès ki ka rann temwayaj de Senyè a? Kesyon sa-a Jezi te reponn li klèman na Jan 5 :36-37, Kote Senyè a te eksplike ke Sentespri a te rann temwayaj de li menm. Sentespri a rann temwayaj pa mirak ke Jezi te fè yo. Tout moun te sezi lè yo te wè mèvè yo sa yo. Yo tout tap temwaye ke pèsòn moun pa ka fè mirak sa yo san pouvwa Sentespri a.

Apot yo deklare:

E nou se temwen tout bagay sa yo; e Sentespri a te temwen tou, li menm ke Bondye te bay tout moun ki obeyi'l yo. *Ak 5: 32*

Menm Nikodèm, ki se yon Farizyen yon manm Sanedren temwaye ke Jezi te gen Lespri Bondye sou li:

<sup>2</sup> Menm li menm nan te vi'n kote Jezi nan mitan lannwit, li di li Mèt, **nou konnen** ou se yon pwofesè ki soti nan Bondye, paske pèsòn moun pa kapab fè mirak ke ou fè yo, si se pa Bondye ki avèk li. *Jan3: 2*

Sonje byen, Jezi rekonèt ke temwayaj li yo pa valab si li ap aji poukont li san prezans Papa a. Se konsa, li ale pou'l fè nou sonje ke li gen lòt temwen ki kore deklarasyon'l yo; Jezi te pale konsa nan Jan 5:32:

Gen **yon lòt** ki te rann temwayaj de mwen; e mwen konnen ke temwayaj ke li te temwaye de mwen an se verite. *Jan 5: 32*

Papa a se LÒT sa-a ki te rann temwayaj de Pitit la. Papa a te itilize pouvwa Sentespri a pou'l dirije Jezi nan travay li yo (mirak) (5:36). Papa a te itilize pawòl ki nan Bib la pou'l rann temwayaj de Jezi (5: 37-47). Papa te pale pou tout moun te tande temwayaj li te rann de Pitit la (Lik 3:22, Matye 17: 5).

Temwayaj Papa a ak temwayaj Sentespri a te alinyen tankou de pi gwo temwen ak pawòl Jezi yo. Nan ka sa-a, pawòl Jezi-Kris yo se yon verite ki sele: pawòl Jezi se pawòl Bondye. Li te vini pou'l te rann temwayaj sou verite a, e li te fè sa nan moman egzat ke Papa a te shwazi pou'l te fè'l la; Jezi di:

<sup>27</sup>Kounyea èske nanm mwen boulvèse; e kisa pou m ta di? Papa, delivre'm anba moman sa-a: men se pou rezon sa-a mwen te vi'n nan moman sa-a.<sup>28</sup>Papa, glorifye non ou. Menm lè saa gen yon vwa ki soti nan syèl la, li di: Mwen te glorifye'l, epi map glorifye'l ankò. <sup>29</sup> Alòs bann moun, ki te kanpe yo, te tande, yo te di ke sete yon kout loraj: gen lòt ki di, yon zanj pale ak li.<sup>30</sup>Jezi te reponn e li te di, vwa sa-a pat vini poutèt mwen menm, men pou nou menm.<sup>31</sup>Kounye a se jijman mond nan: kounye a se pou prens mond sa a tonbe. *Jan12: 27-31*



# Get Ready Ministries

An nou gade ki jan lèzòm yo menm chèche konnen verite. Yon tribinal se kote yo egzaminen prèv ki jeneralman pral kreye rout pou pote tout kalite jistis, sa vle di se la nou ka jwenn verite, e deside kilè yon moun koupab oubyen kilè yon moun inosan. Ke se swa nan tribinal kriminel oubyen sivil, prèv ke nou ka jwenn, nan ka kote yon moun akize yon lòt, ka prezante konsa: Pa egzansp, si twa moun (de pledan ak yon akize) ale nan yon tribinal kriminel pou temwaye kont yon moun ki akize de volè yon machin. Nan yon premye ka, si de nan twa temwen yo temwaye yon fason diferan, akize ya inosan paske tribinal la ap manke prèv. 2nd) si de temwen temwaye ke yo wè akize an dedan machin nan a 2:00 zè nan maten, e akize a pa kapab pwouve inosans li, akize a koupab. Nou jwen ankò ka kote moun rive sove anba lajistis avèk fo temwayaj. Se konsa nou menm lèzòm nou rezoud pwoblèm sa yo.

Men kijan sa mache menm nan tribinal Bondye a? Sonje ke, verite Pitit la, te etabli pa temwayaj Papa a ak temwayaj Sentespri a; de osinon twa temwen jan pawòl la te òdone'l la. Kòm nou menm lèzòm nou te kreye ak imaj Bondye, nou ka konprann ke tout lòt bagay nan lavi nou pral swiv menm prensip Bondye yo: Bondye se yon èt an twa pèsòn (Papa, Pitit ak Sentespri); yon moun se yon èt an twa pèsòn li ye tou (li gen yon nanm, yon kò ak yon espri). Nanm yon moun se papa moun saa, paske nanm yon moun se otorite ki etabli règ ak prensip, e espri yon moun jwenn règ avèk prensip yo li rapòte yo bay kò a. Ki vle di, ke nanm (papa a) ak espri yon moun se temwen ki va gen pou'l temwaye devan tribinal Bondye ya nan lonè moun saa. Pap gen mwayen pou fè fo temwayaj, nanm ou avèk espri ou pap kapab bay manti devan tribinal Bondye a, paske li konn tout sekrè ki nan kè'n.

Nou ka li:

<sup>12</sup> Paske Pawòl Bondye a vivan, e plen ak pouvwa, e li pi file pase nenpòt epe ki koupe de bò, li menm pèse pou'l separe an de nanm ak espri, e divize jwenti ak mwèl, e li se yon detektè de tout ide ak tout entansyon ki nan kè. **Ebre 4:12**

Jezi ap chita nan mitan tribinal Bondye ya pou'l ekzekite jijman sou lèzòm, e chak moun ap nòmman gen de osnon twa temwen ka temwaye swa pou rezirèksyon nan la vi; oubyen pou rezirèksyon nan lanmò. Apot Jan te di:

<sup>28</sup> "..., paske lè a ap rive, nan jou sa-a tout moun ki nan tonm yo a va tande vwa li, <sup>29</sup> epi yo va leve; sila ki te fè byen yo, pou rezirèksyon nan la vi; e sila ki te fè mal yo pou rezirèksyon nan lanmò. **Jan5: 26-29**

Nan tribinal Bondye a, gen yon liv ki rele liv la vi a, si yon moun pa jwenn non'l ekri nan liv la vi a, moun sa a va kondannen pou tout tan. Nan tan sa-a Mouton an pap la ankò, men lyon ki soti nan tribi Jida a pral chita nan tròn jijman Papa a, e lè li va ouvè liv la, rejis yo va montre non moun ki te la depi nan konmansman an; non moun ki te la men ki efase; e, pa nan liv la, men yon lòt kote, pral gen non sila yo ki te refize rekonèt sakrifis san parèy ki te fèt sou kwa a. E liv la te ouvè. , Epi dosye chak gason ak chak fanm te la. E youn aprè lòt yap pwoche devan tròn wa a ansanm ak tout temwen yo. Nanm, espri ak kò a se temwen sa yo ki pral kanpe devan tròn Bondye a. E, yon bouch kapab temwaye konsa: Senyè, mwen konnen ou te anseye nou si nou renmen ou pou nou kenbe kòmandman'w yo! M 'te fè tout sa'm konnen pou'm te viv dapre pawòl ou, pou mwen te kite tèt mwen dirije pa Sentespri ou, kounye a ke mwen devan tròn ou, Senyè mwen, se pou volonte ou toujou fèt! E sa-a se yon temwayaj an favè ou ki soti nan bouch ou (kò) ; kounyea Senyè a louvri dosye nanm ak espri ou, li Wè ke yo fè yon sèl akò ak temwayaj ki te soti bouch li, non li, te ekri nan Liv la vi a, epi la vi etènèl se kado ke te sere pou li a; e pawòl la di:

<sup>12</sup>E mwen te wè moun ki mouri yo, piti kou gran, kanpe devan Bondye; e liv yo te ouvè: e yon lòt liv te ouvè, ki se liv la vi a: e moun ki mouri yo te jije dapre sa ki te ekri nan liv yo, selon sa yo te fè. **Revelasyon 20: 12**

Yon lòt bouch kapab temwaye konsa: O Sovè mwen, mwen te konnen ke ou tap toujou delivre'm, mwen te ale legliz chak Dimanch, mwen te chante nan koral Legliz la, mwen te santi'm toujou kontan anpil lè gen konsè, retrèt, nwèl elatriye mwen te anseye lekòl Dimanch, mwen te bati yon gwo Ministè pou kreyen ... Mwen te ede nan tout pwojè kreyen: magazin, liv, fim, e tout kote' m te pase mwen pa't janm sispann pale ak lòt moun de gwo pwojè Ministè'm nan plis pase ... kounye a Senyè a louvri dosye nanm ak espri li e li wè ke moun saa te gen anvi pou'l sove, men li pa't gen renmen pou verite, li te antoure tèt li ak aktivite kreyen monden yo, li te panse li te yon kreyen, men olye de sa li te yon tyèd, li te twonpe pwòp tèt li, li renmen mond lan ak tout bagay ki nan mond lan. Nanm li ak lespri li te fè yon sèl avèk dezi ke li genyen pou bagay nan mond sa-a, bouch li tap bay fo temwayaj, li te panse ke li toujou gen pouvwa pou'l bay manti. Non li te efase nan liv la vi a, e chatiman kondanasyon pou tan an te tonbe sou li:

<sup>21</sup> Se pa tout moun kap di mwen, Senyè, Senyè, ki va antre nan ròyom syèl la, men silaa ki fè volonte Papa mwen ki nan syèl la.<sup>22</sup> Anpil moun va di mwen jou sa-a, Senyè, Senyè, èske nou pat konn pwofetize nan non ou? E nan non ou nou te chase move espri? E nan non



# Get Ready Ministries

ou nou fè anpil bèl bagay? <sup>23</sup> E lè saa m'a va di yo, mwen pat janm konnen nou, retire nou devanm nan, nou menm ki pa janm sispann peche. *Matye 7: 21-23*

Se konsa poutèt ou tyèd, ou pa ni cho ni frèt, mwen va vomi ou jete nan bouch mwen. *Revelasyon 3:16*

E depi se moun ke non yo pa't ekri nan liv la vi a te jete nan yon letan dife. *Revelasyon 20: 15.*

Kèlkeswa moun ki te peche kont mwen, mwen va efase'l nan liv mwen an *"Ekzòd 32: 33*

E sa kap pase si non ou pa ekri nan liv la? Pwofèt Ezayi te di:

<sup>5</sup> Men li te blese pou dezobeyisans nou yo, yo te maspinen'l pou peche nou yo: Chatiman ki pote lapè pou nou an te tombe sou li; e avèk mak fwèt sou li yo nou te geri. *Ezayi 53: 5*

Depi jou ke Èv te aprann rezonen ak pawòl Bondye, dezobeyisans te antre nan kè lèzòm. Kounyea nan Plan Bondye, li te obligatwa pou Bondye te montre nou ankò e aprann nou ankò kisa ki obeyisans. Pou fè sa, Bondye te voye anpil pwofèt pou prepare nou, prepare nou pou yon bagay ki depase imajinasyon nou: li menm Bondye te gen pou'l vini, vini sou fòm Jezi tankou yon elèv kap aprann obeyisans e tankou yon pwofesè kap anseye obeyisans. Wi, Jezi te aprann obeyisans. An nou li:

<sup>8</sup> Menm lè li te yon Pitit, Jezi te aprann obeyisans a travè tout bagay li te soufri yo; <sup>9</sup> E lè li te rive nan pèfeksyon, li te tounen otè lavi ki pap janm fini an pou tout moun ki obeyi'l yo; *Ebre 5: 8-9*

Wi obeyisans se sèl fason pou yon moun rive jwenn pèfeksyon. Kontrèman ak Adan ak Èv, Jezi te aprann pou'l pa rezonen ak Bondye. Olye de sa, li te detwi tout dezi pèsònèl, e ofri tèt li tankou yon sakrifis vivan, li te pale Pawòl Papa a, li te fè travay Papa a, konsa li te tounen yon moun pafè san tach paske li te koube tèt li anba tout volonte Papa a. Jezi, pa obeyisans li te kapab vin montre lèzòm kòman ke yo menm tou kapab vin pafè si e sèlman si yo swiv menm egzanp obeyisans li an. Jezi se pwofesè ki te vinn montre nou nan pwòp la vi pa'l kisa Bondye Papa a vle nan yon pitit obeyisan, se sak fè ke se nan li sèl ke nou ka jwenn lavi etènèl:

<sup>6</sup> Jezi te di li, mwen se chemen, verite, ak lavi, pèsòn pa al jwenn Papa a ke pa mwen. *Jan 14:6*

Lè nou va aprann ki jan pou'n soufri menm soufrans Senyè te aprann a travè obeyisans, epi ofri tèt nou kòm yon sakrifis vivan e swiv Kris la sou bwa kalvè, nou va rive konnen verite Bondye yo. Apot Pòl te di:

<sup>20</sup> Mwen te krisifye ansanm ak Kris la: menm si'w wè'm vivan; se pa mwen menm kap viv, men se Kris kap viv nan mwen: e la vi ke m'ap viv nan kòm kounyea m'ap viv li nan lafwa nan Pitit Bondye a, ki te renmen'm, e ki te bay vi li pou mwen. *Galat 2: 20*

Konprann ke se pa tout moun kap aksepte swiv chemen Jezi yo pou yo ta vin obeyisan menm jan li te obeyisan ak Papa a. Menm jan Satan te rive twonpe Èv, e te fè'l kwè ke gen lòt fason ke li pa oblije pase pa Bondye, anpil moun sèjousi tombe nan menm pyèj satanik sa a ki ta fè yo kwè ke Jezi Kris pa sèl fason pou moun al na syèl. Pou moun sa yo, pawòl Bondye a predi ke yap mouri de fwa ; an nou li:

<sup>6</sup> Benediksyon pou moun k'ap patisipe nan premye rezirèksyon an: sou moun sa yo dezyèm lanmò pa'p gen okenn pouvwa, men yo va prèt Bondye ak Kris la, e yo pral gouvènè ak li pou mil ane. *Revelasyon 20-6*

<sup>13</sup> Epi lanmè a te remèt mò ki te ladan'l yo; e lanmò ansanm ak lanfè te bay mò ke yo te genyen yo: e yo te jije chak moun dapre sa yo te fè.

<sup>14</sup> E lanmò ansanm ak lanfè te jete nan letan dife a. Se sa ki dezyèm lanmò a. *Revelasyon 20: 13-14*

Nan yon peryòd tan byen kalkile, moun ki pa kwè yo ansanm ak moun kap twonpe pwòp tèt yo a pral fè konesans ak lanmò kò a, mil ane apre, yo pral fè eksperyans ak rezirèksyon pou kondanasyon, nan rezirèksyon sa a nanm yo a va kondane, sa a se dezyèm lanmò a. Jezi te di:

<sup>28</sup> Epi pa gen krentif pou sila yo kap touye kò a, men ki pa ka touye nanm nan: men gen krentif pito pou sila ki ka detwi tou lède nanm lan ak kò a nan lanfè. *Matye 10: 28*



# Get Ready Ministries

Jodi a, men Wa tout wa yo, Premye e Dènye a, Alfa ak Omega, Senyè syèl la ak tè a, Kreyatè linivè a te kanpe nan yon sal pou yo jije'l, premyèman devan chèf relijye yo e dezyèmman devan wa latè yo, yo te pare pou yo jije'l e poze'l kesyon dapre yon pil ak yon pakèt ban fo akizasyon: pawòl la di:

<sup>37</sup> Pilat sepandan te di'l konsa, èske ou se yon wa ? Jezi te reponn li, ou di ke mwen se yon wa. Pou rezon sa-a mwen te fèt, e pou rezon sa-a mwen te vinn nan mond lan, pou'm vinn rann temwayaj pou laverite. Depi se moun ki soti nan verite yo tandè vwa mwen.

<sup>38</sup> Pilat te di li, ki sa ki verite ? (Jezi pa di anyen, men Pilat san li pa konnen pral reponn kesyon yon poukont li) e pawòl la kontinye pou'l di : e lè'l te finn di sa, li te tounen ankò kote jwif yo, li di yo, **mwen pa jwenn anyen ki mal nan li ditou.** Jan 18: 37-38

Kisa ki verite? Verite se Jezi-Kris, yon mouton pwòp san tach ki te ofri tèt li pou delivre nou anba madichon peche, e pou'l libere nou anba gwo pouvwa Satan genyen pou'l twonpe moun. Yon jou, nan Nazarèt, Jezi te ale legliz nan yon jou Saba jan li te abitye fè'l, e li te kanpe pou'l li yon pasaj nan liv Pwofèt Ezayi a, li tap li:

<sup>1</sup> Espri Senyè Bondye a sou mwen; Paske Senyè a te chwazi'm pou'm anonse bon nouvèl bay malere yo; li voye'm pou'm konsole kè moun ki nan lapèn yo, pou'm deklare libète ak moun ki nan chèn yo, e pou'm pote delivrans pou moun ki nan prizon yo;

<sup>2</sup> Pou'm pwoklame yon ane de gras nan Senyè a ... Ezayi 61: 1-2

Pa twonpe tèt nou, Jezi te vini pou'l pwoklame gras Bondye ke nou ap jwi jouk jounen jodia, men li a ap vini ankò, fwa sa a tankou yon jij. Men gen yon bagay ke'm ta renmen mande'w, Èske temwayaj temwen ou yo, nanm ou ak espri ou ap pote verite pou sove'w oubyen pou kondane'w?